STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 2 me 2013

GOUVÈNÈ CUOMO NONMEN CATHERINE LEAHY SCOTT KÒM ENSPEKTÈ JENERAL

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a li nonmen Catherine Leahy Scott kòm Enspektè Jeneral Eta New York. Madam Scott ap travay kòm Enspektè Jeneral Enterim depi 28 fevriye 2012.

"Pandan plis pase yon ane, Catherine ap dirije biwo Enspektè Jeneral la ak entegrite ak trè bon rezilta epi mwen konnen li pral kontinye bilan reyalizasyon sa." te deklare Gouvènè Cuomo. "Bilan li antanke yon avoka san patipri, endepandan, ak tenas ba li pi wo kalifikasyon li bezwen pou kontinye travay sa antanke Enpektè Jeneral Eta nou an."

"Mwen santi mwen onore dèske Gouvènè Cuomo nonmen mwen pandan n ap travay pou fè New York vin yon eta ak mwens patipri, pi jis pou tout moun," te dekare Madam Scott. "M ap tann ak enpasyans pou m sèvi popilasyon Eta New York la ak pou m travay pou amelyore pèfòmans la epi kenbe entegrite gouvenman eta a."

Pandan Madam Scott tap travay kòm Enspektè Jeneral Enterim, Biwo Enspektè Jeneral Eta New York la te genyen anpil envestigasyon, konklizyon ak rapò enpòtan, ki se:

- Envestigasyon yon anplwaye eta pou vòl apeprè yon milyon dola nan fon gouvenman federal ki te la pou Eta New York sèvi pou bay sibvansyon lwaye pou fanmi ti revni. Envestigasyon sa te debouche sou yon pouswit federal ak kondanasyon anplwaye eta sa.

- Envestigasyon move pratik laboratwa nan Monroe County Public Safety Laboratory nan Konte Monroe, ki te enplike destriksyon prensipal prèv nan ka kriminèl nan rejyon sa.

- Yon envestigasyon ki mennen nan akizasyon direktè yon antrepriz ki pa gen bi fè lajan nan Bronx pou koripsyon. Envestigasyon Enspektè Jeneral la te revele direktè a te resevwa plizyè milye dola nan kad amelyorasyon kay nan men konpayi konstriksyon ki tap fè biznis leta ak antrepriz ki pa gen bi fè lajan li a, epi ki te resevwa kontra renovasyon ak lajan gouvenman an pou ede rezidan ti salè ak salè mwayen.

• Yon envestigasyon ki te jwenn move jesyon, pratik apwovizyonman malonèt ak fay nan sekirite nan Fwa ekspozyon Eta New York la. Envestigasyon an debouche sou chanjman radikal nan Fwa Eta a.

• Nan kòmansman ane sa, Madam Scott te fòme chèf tout ajans ak otorite branch Egzekitif la, ak tou prensipal konseye ak ak responsab etik yo. Prezantasyon nan tout eta a te bay standa inifòm nan branch egzekitif la, san bliye kòd kondit ak meyè pratik pou asire entegrite ak fonksyonman efikas gouvenman eta a.

Anvan li te vin Enspektè Jeneral Enterim Eta a, Madam Scott te sèvi kòm Premye Enspektè Jeneral Adjwen, kote li te sipèvize enspekte operasyon biwo Enspektè Jeneral la, sipèvize ak jere dosye ajans lan, epi te reprezante biwo a devan State Forensic Commission ak Stimulus Oversight Panel kote Eta New York te resevwa $26 milya atravè Lwa Redresman ak Reenvestiman Ekonomi Ameriken (American Recovery and Reinvestment Act) 2009 la.

Anvan sa, Madam Scott te travay kòm yon Pwokirè Jeneral Adjwen pou Eta New York, ki tap envestige ak fè pouswit afè kriminèl ak yon konsantrasyon sou ka fwod moun ak kravat ak entegrite piblik. Madam Scott te travay tou pandan plis pase trèzan nan Biwo Pwokirè nan Konte Columbia, kote pandan uitan li te Premye Sibstiti Pwokirè. Nan wòl sa, Madam Scott te envestige epi pouswiv tout nivo krim, kreye nouvo pwogram tou nèf tretman dwòg ki afily ak tribinal la, epi sipèvize tout pwokirè ki ap travay nan biwo a. Pandan tan sa, Madam Scott te nonmen nan Komite Eta New York Pou Etabli Pwotokol pou Entèvyou medikolegal Timoun (Committee for Establishing Protocols for Forensic Child Interviews), epi li te manm Asosyasyon Pwokirè Eta New York ak Nasyonal.

Madam Scott te travay tou kòm Defansè Piblik Adjwen Konte Columbia, epi li te travay nan pratik jeneral dwa antanke sèl pratisyen nan Konte Columbia.

Madam Scott te resevwa diplòm Bachelor of Arts li nan Hofstra University, kote li te nonmen Fanm Hofstra University pou 1981, epi diplom dwa li a nan Hofstra University School of Law.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418